



Dinas Kebudayaan
 Daerah Istimewa Yogyakarta

DINAS KEBUDAYAAN
 (Kundha Kabudayan)
 Daerah Istimewa Yogyakarta

TABLOID *Remaja*

ISSN 2798-1770



DANA
KEISTIMEWAAN

BERAKSARA JAWA

Edisi Februari, 2023 M

Edisi Februari, 2023 M

Widyadarmasatya

TREN DING TOPIK KITA

TRENDING TOPIK KITA

Apresiasi dan kritik lagu pop Jawa

Apresiasi dan kritik lagu pop Jawa

Pépéling Jawa Kita

Ngrëmbakaning Lagu Jawa

Ngrëmbakaning Lagu Jawa

HANG OUT KITA

Raminten, Restoran Jawa Serasa Museum Rupawan

Raminten, Restoran Jawa Serasa Museum Rupawan

CERPEN KITA

Lagu Kagëm Ibu

Lagu Kagëm Ibu

HARTA KARUN KITA

Omah Joglo

Omah Joglo

BONUS

POSTER ANAK
 UNTUK ADIK

ISSN 2798-1770



9 772798 177004

TIDAK DIPERJUALBELIKAN

Widyadarmasatya • Widyadarmasatya • Widyadarmasatya



Salam budaya, Lestari budayaku

Atur Sapala.

Mangayubagya péngĕtan Dintĕn Basa Ibu Intĕrnasional ingkang ginĕlar ing 21 Fĕbruari warsa 2023, minangka moméntum panjurung nglĕstantunakĕn basa ingkang kapisan dipungulawĕnthah tiyang sĕpuh dhateng putra wayah, gĕnĕrasi panĕrus bangsa. Basa ibu ugi sinĕbut basa ingkang utami ing padintĕnan, tamtu ngandhut pitutur luhur ingkang sagĕd dados wĕwaton jumangkahing laku.

Séjatosipun, Dintèn Basa Ibu mènika dipuntètèpakèn déning UNESCO kanthi ancas nguri-uri kabudayan minangka sumber daya ing pagèsangan. Kanthi njagi basa ibu sagèd nggrèmbakakèn nalar pambudining manungsa maujud kagunan kawruh basa.

Gayut kaliyan péngĕtan Dinten Basa Ibu, Tabloid Rĕmaja Carakita ědhisi kaping gangsal mĕnika, minangka karyanipun pra mudha ingkang ngĕmot manĕka rubrikasi aksara Jawa. Nuwuhakĕn grĕgĕt ngulinakakĕn basa ibu, inggih mĕnika basa Jawa. Grĕgĕt rumaos handarbĕni, hangrungkĕbi, mulat sarira hangrasawani, saha wujud ing hangabĕhi, nuwuhakĕn raos trĕsna dhatĕng basa ibu. Mugya Tabloid Rĕmaja Carakita sagĕd dados cĕmĕthi gumrĕgahing basa saha aksara Jawa, sumber litĕrasi bahan ajar ingkang ngrĕmĕnakĕn.

Matur Nuwun.

Dian Lakshmi Pratiwi, S.S., M.A.



Susunan Redaksi :

Penanggung Jawab : Akhmad Fikri

Redaktur : E. Riskiawan, A.Ali Hasan, S.,Priyoto.

Grafis & Layout : Joko Elysanto, Lutfi Fauzi, Aditya Gilrandy Fatcharrezza, Guntari, Haris Yulianto.

Editor : Syafaad Noor Rohman, Imam Samroni, Satrio Nur Pratomo, Yoga Mustika.

Sekretariat : Sri Okawati, Joko Lelono, J. Wahono. Firnanda.

Alamat Redaksi: Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY - Jalan Cendana 11
Yogyakarta

[illegible]

Halaman muka tabloid bergambar :

Naga yang membentuk simbol kunci “G” pada notasi musik dan Siluet Ibu menggendhong anak.
Menggambarkan sastra dalam gendhing pada lagu Jawa untuk menidurkan anak
adalah bahasa Ibu sekaligus Do’a untuk anaknya.

TRENDING TOPIK KITA

၂၂ နေရာပြုဆီလဆီ
သီ ဆီ နေရာက
ကုလသမဂ္ဂ

[illegible][illegible]

၂။ မိဘကိဘာဇာပမိဒုဗျမိတုကမာဇပူပာ
 ဇာဗျာ? ကာနံပာဇာကိမ္မတ္ထိပံကဗိဇာ
 သာနံကမ္မမိတုကမာဇပူပာဇာဗျာဇာ
 ပာဒတုကမ္မဗျမိတုကမာဇပူပိတုကမာ
 က္ခဟမာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာ
 ဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာ
 ကမာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာ
 မာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာဗျာဇာ



ဣဟကဟကဟကိယ
 သေသျှ။ ဗျမိမိဟိ
 ကိကဏ္ဍိဗျဟက
 ဣသေဗျဟကဟက
 ဗျသေသဟကဟက
 သေသျှ။ ဟိကဟဟ
 ကျးကယယဝးဗျမိ
 မိကံဟကဟိဟိ
 ဣသေဗျဟက
 ဣသေဗျဟမိဟိ
 ဣသေဗျဟဟဟ



ကရံသန္တံကုတုကံ ဂိတံ၊ မိသယိန္ဒြိယိန္ဒြိယိ
မိတံ၊ အကယိန္ဒြိယိ အကယိန္ဒြိယိ၊

[illegible][illegible]

၁။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၂။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၃။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၄။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၅။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၆။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၇။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၈။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၉။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့
 ၁၀။ ခုနကတော့ ခုနကတော့ ခုနကတော့

[illegible]

[illegible][illegible][illegible][illegible][illegible][illegible]

ဟေကမံ၊ ဟေဃာလော့၊ ဟေကဟေမံ၊ ပျီတု
ဒေတုံ၊ ဟေကမံ၊ မိပီ၊ ကထိယ၊ ဝါဗာည၊ ပရိ
မိမိဗ္ဗ၊ ခံဗ္ဗန္တု၊ ဟိုဝိ၊ ဂူဗာ၊ (ဗြဟ္မေ၊ နဂါ၊
ကာဗာ၊ ဒေသ၊ အိ၊ တုံ၊ ကမ္ဘ)။

ឃ្លាហៅកាត់ប្រែប្រួលសិរសិរុបាធិបតី
 មិនក្រឡាតិចតួចក្រឡាតិចតួច
 បើប្រើប្រាស់បាធិបតីកាត់ប្រែប្រួល
 ហៅថា កិរិយាសិរសិរុបាធិបតី
 សូមប្រើប្រាស់បាធិបតីកាត់ប្រែប្រួល
 ហៅថា កិរិយាសិរសិរុបាធិបតី
 កាត់ប្រែប្រួលបាធិបតីកាត់ប្រែប្រួល
 ហៅថា កិរិយាសិរសិរុបាធិបតី

[illegible]

॥എമാമ് മിഹിഡതു നിനലിയിയുഡ്॥
എമാമ്എഡാമ്ദുഭാമ് പതിനാഭാഡാ
നാഡാസാമിനിസിമാ-ചതു\

॥बेल्गियम आबेलारुस



ဟိန္ဒူဘာသာ
ကမ္ဘာ့ကမ္ဘာလုံးဆိုင်ရာကမ္ဘာ့ကမ္ဘာလုံးဆိုင်ရာ

រាជធានីភ្នំពេញ
ក្រុងស្រីសោភ័ណ

ဤကားအေးဇာလ၏

[illegible][illegible][illegible][illegible][illegible]



BJ PĚPĚLING JAWA KITA

ꦑꦼꦥꦺꦭꦶꦁꦗꦮꦏꦶꦠ

Dèning: Desti Rahma Dini
Siswi SMAN 1 Dlingo



Ngrĕmbakaning Lagu Jawa

ꦒꦼꦩꦧꦏꦤꦶꦁꦭꦒꦮꦗꦮ

Lagu pop Jawa mĕnika gĕnrĕ musik pop nganggé basa Jawa ingkang diiringi musik tradhisional lan modĕrn. Sadĕrĕngipun lagu pop Jawa ngrĕmbaka, masyarakat sampun kĕnal lagu Jawa ing akhir warsa 1980 kanthi genre campursari, ingkang dipunpĕlori manthous kaliyan kĕlompok gamĕlan "Maju Mundur". Campursari mĕnika tansaya ngrĕmbaka dumugi puncak karir Manthous ing warsa 1990-an, lan ing warsa 2012 Manthous sĕda amargi gĕrah. Karya-karya Manthous populĕr ngantos samĕnika, salah satunggalipun inggih mĕnika lagu gĕthuk. Wontĕn ing wanci mĕnika pĕminat campursari kathah-kathahipun tiyang sĕpuh mawon.

Lagu Jawa mbotĕn mandhĕg wontĕn mriku mawon. Warsa 2017, wontĕn lagu ingkang kawĕntar inggih mĕnika lagu "Sayang" karya Antonius Obama musisi saking Ngayogyakarta ingkang dipunpopulĕrakĕn NDX AKA lan Via Vallĕn. Amĕrgi lagu kasĕbut lagu pop Jawa tansaya misuwur wontĕn tlatah Jawa ugi Nasional. Mbotĕn namung tiyang sĕpuh mawon ingkang rĕmĕn lagu Jawa, samĕnika tiyang anĕm wiwit kapilut kaliyan lagu Jawa ingkang genrenipun pop Jawa. Sasampunipun lagu 'sayang' ingkang populĕr dĕning Via Vallĕn, kathah pĕnyanyi pop Jawa ingkang mĕ-Nasional kadosta Didi kĕmpot, Nĕlla kharisma lan taksih kathah malih.

Sasanĕsipun Via Vallĕn, pĕnyanyi lagu pop Jawa ingkang misuwur mĕnika Didi Kempot, maĕstro pop Jawa ingkang sampun dados pĕnyanyi wiwit saking warsa 1980an. Lagu sĕpisanan ingkang dikĕnal dĕning masyarakat inggih mĕnika "Stasiun Balapan". Nanging, kĕpopulĕran Didi Kĕmpot mandhap. Ing warsa 2019, kĕpopulĕranipun wangsul minggah malih amargi nyĕkarakĕn lagu "Cidra". Tiyang anĕm saking pundi-pundi papan kĕmpal mriksani konsĕr sang maĕstro. Amargi lagu-lagunipun Didi Kĕmpot mĕnika kathah ingkang isinipun 'patah hati' mila pĕnggĕmaripun mlĕmpak dados komunitas sobat ambyar, lan Didi Kĕmpot dipungĕlari "Godfather of Broken Heart". Saking lagu-lagunipun Didi Kempot, lagu pop Jawa tansaya misuwur dumugi nasional lan intĕrnasional.

Nanging wontĕn puncak kariripun sang maĕstro sĕda. Komunitas sobat ambyar tansaya ambyar amargi kĕlangan sosok godfather of broken heart. Nanging mbotĕn dangu saking mĕnika, kathah pĕnyanyi-pĕnyanyi anĕm ingkang nglajĕngakĕn kariripun Didi Kempot nguri-uri lagu Jawa kanthi genre pop, kadosta Dĕnny

Caknan pĕnyanyi saking Jawa Timur, Ndarboy Gĕnk saking Ngayogyakarta. Kĕpopulĕran lagu pop Jawa misuwur dumugi intĕrnasional, salah satunggalipun rikala boygrub Korĕa Sĕlatan, NCT Dream kanthi anggota Jaemin, Mark lan Jisung ngover jogĕdan lagu "Mĕndhung Tanpa Udan" saking Ndarboy Gĕnk ing akun tiktok rĕsmi NCT Dream.

Wonten akhir warsa 2022, Dĕnny Caknan ngrilis lagu kanthi irah irahan "Kalih Wĕlasku". Nanging mĕnawi dipungatosakĕn, basa ingkang dipunginakakĕn ing irah irahan lagu mĕnika kirang trĕp. Amargi ing basa Jawa, tĕmbung 'kalih wĕlas' mĕnika nggadahi artos angka 12. Nanging, wontĕn lagunipun Dĕnny Caknan tĕmbung kalih wĕlas ngĕmu tĕgĕs rasa trĕsna marang pasangan. Lagu pop Jawa mĕnika dados campur bawur, amargi wontĕn lirikipun ingkang dipuncampur kaliyan basa Indonesia. Amargi mĕnika kathah tiyang anĕm ingkang ngĕtutakĕn gagrag basa Jawa kasĕbat. Kamangka, gagrag basa mĕnika mbotĕn trĕp kaliyan tata basa ingkang bakĕn.

Lato-lato
thothok - thothok ora mĕrtamu
thak-thok thak-thok bola bali diadu
ora kĕndat suaramu
tambah bantĕr tambah sĕru

Lato-lato
thĕthĕk ngĕndi waĕ sih krungu
bakso mie thik-thok dha ora mĕtu
wĕgah dodol wis sĕminggu
bakulĕ ngambĕk kalah satru

Lato-lato
risi kuping pas mapan turu
kaya suara tĕkĕk muni ping sĕwu
milih nĕsu apa malah mĕlu
dolan biyĕn kok isih payu

Lato-lato....
tak ĕntĕni kapan bĕnjo
Lato-lato....
tak ĕntĕni kapan bĕnjo



Cah Mbĕling Ben

॥ ပါတုပကပါဇပကါဏ ॥

Déning Hèndi Widyatmoko
SMA N 1 Playën

Fénoména tiyang ěnèm

anggènipun micara ngginakakèn mawarni-warni basa utawi campur-campur mènika miturut tiyang sèpuh samènika limrah. Prèkawis mènika ugi ndadosakèn bombonging manah tiyang sèpuh amargi larénipun sagèd micara kanthi basa ingkang béda-béda. Mènapa malih sagèd micara ngginakakèn basa, kadosta Basa Indonésia, Basa Arab, mènapa Basa Inggris. Trèn mènika sagèd dipunpanggihi wontèn ing pagèsangan sabèn dintèn. Kathah tiyang ènèm samènika ngginakakèn basa campur adhuk, kadosta Basa Jawa lan Basa Indonesia, Basa Jawa lan Basa Inggris, utawa Basa Indonesia lan Basa Inggris nalika ginëman kaliyan tiyang sanès, damèl status ing médhia sosial, lan sanès-sanèsipun.

Wontèn ing jaman society 5.0 samènika, owah-owahaning basa kathah dipunkeguhaken déning këmajèngan tèknologi. Sosial mèdhia, kadosta whatsapp, instagram, twittèr, line, facebook, tiktok, lan sanèsipun nggadahi pèran ingkang paling wigati tumrap owahing basa ingkang dipunginakakèn ginèman padintènan. Panci jaman society 5.0 mènika saé, amargi manungsa dipungampilakèn déning teknologi. Ananging manungsa ing jaman society 5.0 kèdahipun sanadyan pana babagan tèknologi, ugi kèdah sagèd mènèdhèt nilai ingkang saé anggènipun ngginakakèn tèknologi. Ampun ngantos tèknologi nguwaosi manungsa, ananging manungsa ingkang kèdah nguwaosi tèknologi.

Basa Jawa wontèn ing tlatah Ngayogyakarta mènika minangka basa ibu ingkang dipungladhi tumrap para laré nalika lair. Basa ibu inggih mènika basa ingkang paling pisanan dipunsinaoni utawa dipungladhi tumrap laré. Basa ibu uga dipunwastani basa dhasar utawi basa pisanan. UNESCO minangka salah satunggaling organisasi PBB ingkang ngurusi babagan pèndhidhikan, kawruh, lan budaya kagungan pamanggih bilih manéka warna basa lan budaya ing donya mènika wigati, saéngga dipuntètèpakèn sabèn surya kaping 21 Fèbruari mènika dipunpèngèti minangka dintèn basa ibu intèrnasional utawi International Mother Tongue Day. Pèngètan mènika dipuntètèpakèn déning UNESCO nalika surya kaping 17 wulan Nopèmber taun 1999.

Ancasipun UNESCO nětëpakën pèngëtan

dintèn basa ibu mènika saé. Dintèn basa ibu sagèd paring kèsadharan bilih basa ibu mènika kèdah dipunjagi lan dipunlèstariaken. Basa Jawa minangka basa ibu mliginipun ing tlatah Ngayogyakarta kèdahipun ugi dipunjagi déning sadaya masarakat Ngayogyakarta supados Basa Jawa tansah sagèd lèstari botèn kécalan lajak.

Era society 5.0 botèn namung ngowah-owahi tatanan basa, ananging ugi tatanan pëndhidhikan, këséhatan, transportasi, lan përtanian. Wontèn ing tatanan pëndhidhikan, éra society 5.0 mësaka para pëndhidhik sagèd damèl para siswa mènika botèn namung nggadhahi kawruh ananging ugi nggadhahi karaktèr, moral, lan tëladhan ingkang saé. Prèkawis mènika kèdah dipuntindakakèn, amargi tèknologi botèn sagèd nggantos sadaya përan pagèsangan.

Era society 5.0 ugi dados sabab owah anggènipun ngangsu kawruh, botèn namung saking para dwija anangingsagèu saking intèrnèt ingkang dèrèng temtu cetha krèdibilitas-ipun. Kahanan mènika sagèd ngicalakèn jati dhiri bangsa lan karaktèr mliginipun tumrap para siswa ing Ngayogyakarta mènawi botèn dipungladhi karakteripun kanthi kontinyu. Sanèsipun mèkatèn, kahanan mènika sagèd damèl Basa Jawa minangka basa ibu mènika rusak kualitasipun amargi sagèd kèmawon kathah para wiranèm ingkang botèn ngèrtos tataran utawi tingkatan basa Jawa.

Basa Jawa minangka basa ibu mènika salah satunggalipun basa ingkang dipunginakakèn déning masarakat Ngayogyakarta kanthi ancas komunikasi. Basa Jawa ngemot nilai ingkang wigati ing pagèsangan amargi Basa Jawa wontèn nilai luhur lan kèsopanan ingkang saged dipuntingali saking tataran utawi tingkatan Basa Jawa, saking ngoko dumugi krama. Wontèn paugèran-paugèran tartamtu anggènipun ngginakakèn basa Jawa ragam ngoko dumugi krama. Basa Jawa mènika dipunanggèp

"Bahasa Jawa"

Wouten Ing Era Society 5.0"

၂၆၈၀၁၃၅၇၉

တုလားရှိုးက မြို့၌ ကုမ္ပဏီအမျိုးမျိုး ၅.၀

wigati kanggé pëndhidhikan karaktër, saéngga Basa Jawa mënika dipunlëbètakën wontën ing kurikulum minangka pasinaon muatan lokal wajib saking pawiyatan tataran SD dumugi SMA/SMK ing tlatah Ngayogyakarta.

Pasinaon Basa Jawa wontèn ing pawiyatan kèdah nuwuhakèn raos rēmèn para siswa. Era society 5.0 ingkang nenggènakèn tèknologi ndadosakèn para dwija Basa Jawa kèdah damèl modhèl lan métodhè pasinaon ingkang nengsèmakèn tumrap siswa lan jumbuh kaliyan këmajèngan tèknologi.

Samènika kathah sangèt lagu-lagu pop ingkang ngginakakèn basa Jawa. Sanadyan basa Jawa ingkang dipunginakakèn ing lagu pop mènika wontèn ingkang kirang trèp, ananging para siswa rèmèn sangèt kaliyan lagu pop Jawa mènika. Kadosta lagunipun Ndarboy Gènk, Happy Asmara, Woro Widowati, lan sanèsipun. Lagu pop Jawa mènika sagèd dipundadosakèn salah satunggalipun cara paring piwulang tumrap siswa gayut kaliyan Basa Jawa minangka basa ibu. Lagu pop Jawa mènika ugi sagèd dados kawruh bilih caranipun nglèstarikakèn Basa Jawa minangka basa ibu sagèd lumantar lagu pop kanthi basa Jawa.

Kadospundi caranipun paring piwulang lumantar mèdhia lagu pop Jawa? Caranipun sagèd dipunanalisis utawi dipuntègèsi tẽmbung-tẽmbungipun, salajẽngipun sagèd dipundamèl parafrasè kanthi basa Jawa ragam krama. Kanthi cara mènika, para siswa mèsthi rēmèn amargi sagèd nyinaoni basa Jawa kanthi jumbuh kaliyan pèrkembangan émosi para siswa.



|| 𑀧𑀺𑀭𑀸𑀓𑀲𑀺𑀓𑀸𑀲𑀺 ||

MULIH MARANG MULANIRA

Dening: **Andi Tristianto**

"Kula èstu kangèn, Mbok. Jěbul mēnika wangsulan saking pitutur ingkang panjēnngan wulangakēn dhatēng kula. Ananging sēdaya sampun kadhung. Kula gētun, nēmbé purun mulih marang mulanira sasampunipun kēbacut kētrucut. Matur nuwun sampun purun gēmati dhatēng kula, sanadyan kula prasasat dados bayi ambal ping kalih wontēn ing gēsang ingkang namung sēpisan." Dluwang sēratan kaping tiga gumlèthèk ing sandhing pasaréyan.

Sang arkamaya katon lumērēm, lumingsir gingsir sisih kilèning sang cakrawatya. Gilaring baskara ingkang sumorot hanyorot bawana samadyaning rina, éwah cinipta dadya candhik ayu harēngga éding swasana. Kumēluning méga imarabaya hanambah éndah kasawang nétra. Lakuning maruta rumaos adhēm hanēmbus kulit tumandhēs balung rumasuk raga. Kartika susul-sumusulan mangabyor sakurēping rawiswara ratri, kemertip nggēgambar ayēming ati.

Linambar klasa méndhong, kēkēmul sinjang bathik kawung, Mbok Dilah kaliyan putri kēkalhipun, Andamari saha Andadari, saré wontēn ing griya limasan tilaran simbah buyutipun. Wiwit alit, sadèrèngipun tilēm, piyambakipun sakloron kulina dipuntēmbangakēn kēkudangan déning Mbok Dilah, ibunipun. Randha putri kalih mēnika boten ta anamung ngudang kēmawon, ananging lumantar tēmbang mēnika, piyambakipun ugi nggadahi panggadhang dhatēng putrinipun. Dhasar kagungan suwantēn ingkang sēkéca, luk-luking lēlagon prasasat pradnya waranggana, Mbok Dilah ugi sarwa bēsus ing bab kabudayan Jawi. Tēmbang kēkudangan Léla Lédhung kapiyarsa nyamlēng hangiring tilēm ing putri kēkalih ing dalu mēnika.

"Tak léla léla léla léla lédhung, cēp mēnēnga aja pijēr nangis, anakku sing ayu rupané, yèn nangis ndhak ilang ayuné, tak gadhang bisa urip mulya, dadiya wanita utama, ngluhurké asmané wong tuwa, dadiya pēndhēkaré bangsa..."

Mbok Dilah dipuntilar déning garwanipun, Kang Yitna, watawis kalih taun kapungkur amargi katabrak mobil, nalika nēmbé ngirid Andadari dhatēng pawiyatan. Samēnika, piyambakipun namung buruh tani kasambi mucal Basa Jawi saha karawitan laré-laré désa. Sanés ta PNS punapa déné dwija, Mbok Dilah namung sadērma mucal laré menawi wontēn ingkang mbětahakēn kēmawon. Randha pēputri kalih mēnika turunan dwija saha pēngrawit kondhang. Ananging nasib saé dèrèng mili mandhēg ing dhirinipun.

Pasuryaning Andamari kaliyan Andadari prasasat jambé sinigar. Ananging botēn ing tindak-tandukipun. Andamari nggadahi solah ingkang mērbawani, alus tata basanipun, saha lēmbah manah patrapipun. Béda kaliyan Andadari ingkang nggadahi watak ingkang awon, botēn sagēd nēkuk ilat, mutungan, saha wangkal.

"Ndhuik, iki ana téla gorèng olèhé Simbok ning pēkarangan buri omah. Ndang dimaēm ya." Sinambi ngasta téla gorèng binuntēl ron gēdhang, Mbok Dilah lēnggah ing wingking griya.

"Sambi mangan téla karo nyuruput wédang, Simbok kēpingin omong karo kowé kabèh ya, Ndhuik. Simbok iki wis tuwa, kowé kabèh ya wis ora cilik mēnèh ta? Wis padha prawan, kēnès, prigēl pangayu. Simbok ora duwé bandha apa-apa, kajaba kowé nggēr anakku."

"Simbok pingin kowé kabèh nērusaké niaté Simbok. Mulang putra-putri ing désa kéné bab basa lan kabudayan Jawi. Gamēlan rong pangkon pélog sléndro ning pēndhapa tinggalané simbah kaé, diuri-uri. Bocah-bocah padha digladhi, bab Basa Jawa ya ngono, Ndhuik. Kabèh ngēmu tēgēs sing dhuwur adiluhung. Sarwa-sarwi kabudayan Jawi ora liya mung dinggo tētulung marang liyan lan nata lēlakon urip murih katata tan nalisir saka paugēran. Apa manèh Andadari, duwé suwara apik kaya sindhèn, gēlēm ya mulang sindhèn bocah?" Dhawuhipun Mbok Dilah dhatēng putrinipun.

"Simbok ki mung kakēhan uni ya! Isa ora sēdina waé mēnēng! Wiwit lair prècèt tēkan sēméné gēdhéné mung Jawa Jawa Jawa tērus. Gumbreng kupingku iki, dina-dina mung diwulang Jawaawaa waé. Aku wēgah, Mbok! Aku péngin urip *modèrn*. Kowé ki kuna, Mbok! Ngērti ora!" Wangsulan saking Andadari sajak kasar ugi botēn mranani pēnggalih.

"Mbak, ora éntuk ngono kuwi karo Simbok. Sampéyan diwulang bab budaya karo basa Jawi kuwi mung supaya uripé awaké dhéwé katata, Mbak, pērcaya karo aku." Andamari mbéla Mbok Dilah.

"Halhah kowé ki ya mung tunggal déné. Pikirēn coba, salah sijiné wulangané Simbok kuwi yèn mangan kudu èntèk, yèn ora mundhak kuthuké mati, dipēnging nglungguhi bantal mundhak wudunēn. Kuwi ki wulangan apa hè?! Ora jēlas, ora masuk akal. Wulangan kaya ngono kok diugēmi. Wis lah karēpmu, aku arēp dolan karo kancaku." Tētēmbungan awon saking Andadari dhatēng Mbok Dilah kaliyan Andamari kapiirēng sora. Andadari lajēng kēsah mēnyat saking griya.

"Ampun dilēbētakēn manah nggih, Mbok. Mbak Yu Andadari pancéné mēkatēn kawit alit. Ananging, Mbok, kula badhé nyuwun pirsā. èstunipun mēnapa lērēs ingkang dipunaturakēn Mbak Yu wau?" Andamari nyuwun pirsā dhatēng Mbok Dilah.

"Nggēr, kuwi mau jēnngé piwulang gugon tuhon. Para lēluhur jaman ndhisik nggunakaké gugon tuhon kuwi kanggo srana supaya ora nindakaké tumindak ala uga kanggo nata urip. Tuladhané, yèn wong mangan kudu èntèk yèn ora èntèk mundhak kuthuké mati. Sējatiné kuwi piwulang supaya manungsa bisa luwih nyukuri rējeki paringané Gusti, Ndhuik, amarga isih akèh uwong sing angēl golèk pangan. Bantal ora kēna dilungguhi èngko mundhak wudunēn kuwi duwé ancas supaya manungsa ora nglungguhi bantal, amarga pancèn kuwi

[illegible][illegible]

dari HALAMAN 9



॥ वा वा वा वा वा वा वा वा ॥

Lagu Jawa Ngrẽmbaka

déning: Dyah Widaningrum
(SMPN 1 Kalikajar Wonosobo)

Lagu K-Pop anjrah mrunthah ing
ngèndi tlatah,
Ora mung tembangé, nanging uga
patrap, panganggo, nganti tèkan
samubarang kawis padha wasis.

Wong Jawa apa mung arep meneng malah katrēm?

Aja mung padha lèna,
Lagu pop Jawa uga wiwit tangi, wiwit
kěprungu,
Wiwit payu.

Saběn dina ana,
Saběn wěktu tansah kěprungu.
Ing pasar,
Ing angkot,
Ing Facěbook,
Ing YouTubě.

Sabèn pahargyan,
Wayangan, kèthoprakan,
Organ tunggal,
Rèunian, pèrpisahan,
Kabéh ora kètinggalan.

Lagu pop Jawa wiwit ngrẽmbaka,
Wiwit kuncara.
Tètẽmbungan kang prasaja
ndadekakẽ gampang ditampa.
Bocah cilik, nom, tua, padha
parisuka.

Cakĕpan kang gampang ditirokna,
Laras kang kĕpĕnak dirungokna,
Gawé mèsĕm lan ayĕm kang
ngrasakna.

Těmbang Jawa ngrěmbaka,
Anjayéng Nuswantara.



GĚGURITAN KITA

ကျွန်ုပ်တို့၏အမည်

Basa Saka Ibu

déning: Rahmad Fauzi, S.Pd.
(SMAN 7 Yogyakarta)

Èlinga..

Sapa kang paring basa mring awakmu?
Basa luhur dadya sangu uripmu
Dudu basa kang bisa gawé lunga
Lunga saka adat kang nyata ana
Ora ana liya,
Amung saka Ibu

Basa suci sējati kang dadi tuladha
Supaya bisa gunēm katata
Nora bisa gawé liyan cidra lara
Yèn bisa mangkéné akèh kanca mitra

Basa apa iku
Saka sapa iku
Basa saka Ibu

Sĕnajan ana nanging ora guna
Yèn mĕnĕng nora nywara
Gunakna kanggo srawung padha
Mangkĕné dadi akur sĕtya

Basa apa kang bisa
Basa bĕcik
Basa Saka Ibu

Sambungan dari halaman 8

dudu papan lungguh, kuwi nuduhaké tumindak ora sopan, ora mratélakaké unggah-ungguh.” Mbok Dilah ngandharakèn kawruh.

“Waah, Basa Jawa mènika pancèn sip nggih, Mbok. Kula ugi naté ngertos, asma kinarya japa, Iha mènika tēgēsipun mēnapa, Mbok?”

“Kuwi tĕgĕsĕ sabĕn jĕnĕng kuwi nggawa donga, Ndhuk. Kayadĕnĕ jĕnĕngmu karo mbak ayumu, Andamari Andadari, ngĕmu tĕgĕs supaya bisa wĕnĕh pĕpadhang marang kang pĕtĕng, ĕmbuh kuwi awujud kawruh utawa piwulang marang sakwĕh manungsa ing kiwa tĕngĕnmu. Bakunĕ, yĕ duwĕ ngilmu kuwi didum ya, Ndhuk. ĕling, gabah digĕgĕm buthukĕn, disĕbar lĕmah ngĕbaki sawah.” Pungkasipun Mbok Dilah.

“Pokoké aku arèp adol gamèlan kaé, Mbok. Aku butuh dhuwit nggo liburan karo kancaku, kowé ya ora isa nyukupi butuhku ta? Aku ora arèp nggugu kandhamu. Tur aku ya ora butuh bab budaya Jawa, ora guna. Ora nggagas kaé tinggalané simbah apa sapa, awèh ora awèh, gamèlan kaé tètèp takdol.” Andadari mèksa Mbok Dilah.

“Ndhuk, Simbok njaluk tulung. Sèpisan iki waé kowé manut karo Simbok. Tulung gamèlan tinggalané simbah kaé aja didol, kaé nggonèn wènèh wêwarah marang putra-putri ning désa kéné. Budaya kuwi

bakalé murakabi uripmu. Balia marang mula bukamu. Kowé ya duwé suwara apik, wulangěn para putra karawitan, sindhèn, lan kabudayan Jawa. Manuta marang Simbok, Nok. Pumpung durung kasèp.”

“Suwé-suwé kurang ajar kowé ki ya, Mbok. Kakèhan omong! '*Plaakkk*'.” Andadari sampun tégèl nabok Mbok Dilah.

"Mbak, kuwalat sampéyan karo Simbok. Kok ya tégèl, sampéyan kuwi wis dirumat kanthi gèmati, banjur balèsané kaya ngéné iki, Mbak?" Andamari botèn nrimani Mbok Dilah.

“Karĕpmu, arĕp minggat aku. Adhi simbok padha waé kurang ajar.” Andadari lajĕng kĕsah saking griya kanthi émosi dhatĕng kulawarganipun.

Boten dangu Andadari késah saking griya,
dumadakan wontèn ingkang ndhodhog
lawang.

“Kula nuwun, Mbok Dilah. Kula nuwun. Kula nuwun.”

“Inggih wontĕn mĕnapa, Dhik Bathara?”

“Mbak Yu Andadari katabrak mobil, Mbok Dilah. Taksih dèrèng sadhar, kala wau nggih mēdal rah saking tutuk.”

Andadari sampun botĕn sagĕd micara malih. Prastawa kĕcĕlakaan tigang taun kapungkur nyĕbabakĕn piyambakipun

bisu. Suwantèn saé ingkang dipungadhahi, botèn sagèd kapiрэng malih ing talingan. Namung kantun rasa gétun ingkang kabèta dumugi samènika. Tèmbung pamatu nuwun kadosipun botèn cèkap malès agènging pangorbananing Mbok Dilah. Kanthi yuswa ingkang sampun sèpuh, piyambakipun rila nyinau basa *isyarat*, nggulawènthah Andadari saking wiwitan malih, kadosdéné ajar micara rikala jaman rumiyin nalika bayi. Mènika wau dipuntindakakèn Mbok Dilah supados putrinipun sagèd micara sanadyan botèn mawi kédaling lathi. Piyambakipun sampun kasil ngrumat putri kèkalihipun. Piyambakipun ugi kasil mulang Andadari mawi kalih *bahasa ibu*. Andadari dados juru karawitan para putra *disabilitas* ing désanipun, déné Andadari dados dwija Basa Jawa ing pawiyatan luhur.

Asma kinarya japa. Andadari sagèd paring pèpadhang dhatèng para laré *disabilitas* ingkang nggadhahi pèpètèng nalika badhe ngangsu kawruh. Mèkaten ugi Andamari, mawi Basa Jawi, sagèd murakabi rējèki dhatèng kulawarganipun. Emanipun, Mbok Dilah botèn sagèd mirsani kiprah putrinipun. Piyambakipun séda kanthi tidhèm ayèm kalih taun sabanjuripun Andadari trampil ngginakakèn basa *isyarat*. Sabèn taun mènawi kangèn, Andadari mēsthi nyerat sērat, dipunkintun dhatèng pasaréyan, sinambi kirim donga dhatèng Mbok Dilah.

“Mbok, éstu kula kangĕn...”

၂။ လက်လှောက်အမတ်များ၏



A colorful illustration of a horse-drawn carriage. A white horse is harnessed to a wooden carriage with large yellow-rimmed wheels. Three people are in the carriage: a driver in a blue shirt and red shorts, a passenger in a brown shirt, and another person in a grey shirt standing at the back. The horse is galloping to the left. Above the horse, there is handwritten text in a script that appears to be Thai.



ꦩꦶꦁꦏꦸꦢꦺꦤꦫꦺꦴꦁꦏꦺꦴꦧꦸꦢꦺꦴꦤ꧀
ꦩꦠꦺꦴꦏꦺꦴꦧꦸꦢꦺꦴꦤ꧀
ꦲꦭꦺꦴꦥꦺꦴꦏꦺꦴꦤ꧀



Java Quotes

By Ardiansyah Yudasmara :

- Ora kudu ténar, sing penting rejeki lancar, ati kebak rasa sabar
- Lombok cilik kanggo bumbu arèh, kepingin becik kudu sarèh lan sumèlèh

By Titah Wulan Safitri :

- Sèpira olèhmu ngèrti karo wong liya, bisa didèlok sèpira olèhmu nawani jèjèrmu nalika duwé panganan
- Sèwu dalan tumuju lintang, sanadyan kebak pacoban ora perlu wèdi apa manèh mundur kanggo nggayuh gègayuhan

By Sugito:

- Sampéyan makarti becik, wong liya nitèni. sampéyan makarti ala, wong liya ya nitèni. Padha-padha dititèni, kena ngapa ora milih dititèni kabècikané. Urip iki rak mung prèkara gawé cathétan!
- becik kètitik ala kètara**
- Kèslamètan kuwi dudu prèkara sing gampang: akèh pèpalang, akèh dalan sing nyimpang, sing pèpaèsé njalari kagiwang. Amrih slamèt, sampéyan mbutuhaké pawitan kukuhé iman, Kamangka cagaké iman kuwi cacahé pirang-pirang. mula ora mokal yèn keslamètan kèpétung regané larang. Nanging wragad kèslamètan kuwi bakal krasa murah, yèn sampéyan lègawa marang kabècikan.
- jër basuki mawa béa**

ꦭꦠꦺꦴꦏꦺꦴꦧꦸꦢꦺꦴꦤ꧀ • ꦭꦠꦺꦴꦏꦺꦴꦧꦸꦢꦺꦴꦤ꧀ • ꦭꦠꦺꦴꦏꦺꦴꦧꦸꦢꦺꦴꦤ꧀

MALANG
MUJUR

Aksara



ꦭ	ꦱ	ꦲ	ꦏꦸ	ꦭ	ꦲ	ꦏꦸ	ꦭ	ꦱ	ꦲ	ꦏꦸ
ꦱ	ꦲ	ꦏꦸ	ꦱ	ꦲ	ꦏꦸ	ꦱ	ꦲ	ꦏꦸ	ꦱ	ꦲ
ꦲ	ꦱ	ꦲ	ꦱ	ꦲ	ꦱ	ꦲ	ꦱ	ꦲ	ꦱ	ꦲ
ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ
ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ
ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ	ꦱ

Temukan 12 kuliner khas Daerah Istimewa Yogyakarta




ꦭꦠꦺꦴꦏꦺꦴꦧꦸꦢꦺꦴꦤ꧀



Informasi kegiatan dan lomba tahun 2023 bisa dilihat di :

DinasKebudayaanDIY
 KebudayaanDIY
 KebudayaanDIY
 budaya.jogjaprov.go.id

Rontjing Aksara, Muhammad Arif.



Seri Woh-wohan lan Kembange



edisi Februari 2023



TAHUN 2023 Masehi ၂၀၂၃ ခုနှစ်